



Etazini Damerik  
Konsèy Nasyonal Relasyon Travay



**AVI ELEKSYON**

**ENSTRIKSYON POU ANPLWAYE KAP VOTE PA LAPÒS ETAZINI**

**OBJEKTIF ELEKSYON an:** Eleksyon sa a se pou detèmine reprezantan an, si genyen, ke anplwaye ki kalifye yo vle pou fè negosyasyon kolektif ak patwon yo. (Gade INITE VÒT nan Avi Eleksyon sa a pou deskripsyon anplwaye ki kalifye yo.) Yon majorite nan bilten vòt valab yo ap detèmine rezilta eleksyon an. Se sèlman yon sèl eleksyon reprezantasyon ki valab ki ka fèt nan yon peryòd 12 mwa.

**BILTEN SEKRE:** Eleksyon an ap fèt pa bilten sekre ke yap pote pa lapòs Etazini anba sipèvizyon direktè rejyonal Konsèy Nasyonal Relasyon Travay (NLRB). Yon echantyon bilten vòt ofisyèl la endike nan pwochen paj Avi sa a. Yap pèmèt votè yo vote san entèferans, kontrent, oswa presyon. Anplwaye ki kalifye pou vote yo pral resevwa pa lapòs *Enstriksyon pou Anplwaye kap Vote pa Lapòs Etazini*, yon bilten vòt, yon anvlòp ble, ak yon anvlòp jòn adrese ki pa bezwen okenn tenm.

**RÈG POU KALIFIKASYON:** Anplwaye ki kalifye pou vote yo se moun ki dekri anba INITE VÒT la nan pwochen paj la epi enkli anplwaye ki pat travay pandan peryòd pewòl ki te deziyen an paske yo te malad oswa an vakans oswa ranvwaye tanporèman. Anplwaye ki te demisyone oswa yo te voye ale pou kòz depi peryòd pewòl ki te deziyen an epi ki pat re-anboche oswa re-entegre anvan dat eleksyon sa a pa kalifye pou vote.

**DEFI VOTÈ YO:** Yon ajan Konsèy la oswa yon obsèvatè otorize ka kesyone kalifikasyon yon votè. Defi sa a dwe fèt nan moman yap konte bilten yo.

**OBSÈVATÈ OTORIZE:** Chak pati ka deziyen yon kantite egal obsèvatè, nimewo sa a yo dwe detèmine pa NLRB. Obsèvatè sa yo (a) aji kòm kontwolè nan konte bilten yo; (b) ede nan idantifye votè yo; (c) konteste votè yo ak bilten vòt yo; epi (d) otreman ede NLRB.

**METÒD AK DAT ELEKSYON AN**

Yo pral administre eleksyon an pa lapòs Ozetazini. Yo pral voye bilten postal yo bay anplwaye yo ki ap travay nan init negosyasyon kolektif ki apwopriye a. Apati 9:30 a.m. nan madi, 9 jen, 2020, you pral voye bilten yo bay votè yo depi nan Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la, Rejyon 12 biwo Tampa, 201 E. Kennedy Blvd., Suite 530, Tampa, FL 33602-5824. Votè yo dwe siyen andeyò anvlòp la ki gen pou retounen bilten an. Tout bilten yo resevwa nan yon anvlòp ki pa siyen ap anile otomatikman.

Anplwaye sa yo ki kwè yo elijib pou vote epi ki pat resevwa yon bilten pa lapòs bò 17 jen 2020, ta dwe kominike imedyatman avèk Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la oswa pou yo rele Biwo Rejyon 12 nan (202) 679-9360 oswa (813) 228-2661 oswa nimewo nasyonal gratis nou an nan 1-844-762-6572.

Yo pral melanje epi konte tout bilten yo nan Biwo Rejyon 12 la nan madi ki 30 jen a 10:00 nan maten. Pou bilten yo valab epi pou yo konte, yo dwe resevwa bilten ki retounen yo nan Biwo Rejyon 12 anvan kontaj bilten yo. Kontaj la pral fèt adistans atravè konferans-videyo.



Etazini Damerik  
Konsèy Nasyonal Relasyon Travay



**AVI ELEKSYON**

**ENSTRIKSYON POU ANPLWAYE KAP VOTE PA LAPÒS ETAZINI**

INITE VÒT

ANPLWAYE YO KI ELIJIB POU VOTE:

Tout asosye aplentan ak atan pasyèl regilye ki nan salamanje pasyan, anplwaye ki nan sèvis manje, travayè nan sèvis manje, kuizinye yo, ak kesye yo Patwon an te anplwaye nan Sant Medikal Palm Beach Gardens ak Sèvis Dijans ki nan lokal 3360 Burns Road, Palm Beach Gardens, Florida ki te anplwaye pandan peryòd pewòl ki fini nan jou 16 me, 2020.

ANPLWAYE YO KI PA ELIJIB POU VOTE:

Tout manadjè yo, kuizinye anchèf yo, kuizinye adjwen yo, anplwaye konfidansyèl, anplwaye pwofesyonèl yo, gad ak sipèvizè yo jan li defini nan Lwa Relasyon Nasyonal Travay la.

LÒT YO PÈMÈT POU VOTE YO:

Nan moman sa a, yo pa ko pran desizyon si klasifikasyon sipèvize nan salamanje pasyan an enkli oswa eskli, inite negosyasyon an, ak moun ki nan klasifikasyon sa a kapab vote nan eleksyon an, men, yo pral konteste bilten yo akòz yo pa ko rezoud pwoblèm elijiblite yo. Elijiblite oswa enklizyon moun sa yo pral rezoud, si sa nesèsè, apre eleksyon an.



Etazini Damerik  
Konsèy Nasyonal Relasyon Travay  
**AVI ELEKSYON**



**ENSTRIKSYON POU ANPLWAYE KAP VOTE PA LAPÒS ETAZINI**



UNITED STATES OF AMERICA  
ESTADOS UNIDOS DE AMERICA  
ETAZINI DAMERIK

National Labor Relations Board  
Junta Nacional De Relaciones Del Trabajo  
Konsèy Nasyonal Relasyon Travay

12-RC-257857



OFFICIAL SECRET BALLOT  
PAPELETA SECRETA OFICIAL  
BILTEN VÒT OFISYÈL SEKRÈ POU YON PATI NAN ANPLWAYE  
For certain employees of  
Para Ciertos Empleados De

**MORRISON MANAGEMENT SPECIALISTS, INC.**  
**d/b/a MORRISON HEALTHCARE**

Do you wish to be represented for purposes of collective bargaining by  
¿Desea usted estar representado para los fines de negociar colectivamente por  
Èske ou ta renmen moun sa yo reprezante w nan negosyasyon kolektif -

**1199SEIU UNITED HEALTHCARE WORKERS EAST?**

MARK AN "X" IN THE SQUARE OF YOUR CHOICE  
MARQUE CON UNA "X" DENTRO DEL CUADRO DE SU SELECCION  
METE YON "X" NAN TI KARE OU CHWAZI A

YES
SI
WI
<input type="checkbox"/>

NO
NO
NON
<input type="checkbox"/>

DO NOT SIGN OR WRITE YOUR NAME OR INCLUDE OTHER MARKINGS THAT WOULD REVEAL YOUR IDENTITY.  
MARK AN "X" IN THE SQUARE OF YOUR CHOICE ONLY. If you make markings inside, or anywhere around, more than  
one square, you may request a new ballot by referring to the enclosed instructions. If you submit a ballot with  
markings inside, or anywhere around, more than one square, your ballot will not be counted.

NO FIRME O ESCRIBA SU NOMBRE O INCLUYA OTRAS MARCAS QUE REVELARIAN SU IDENTIDAD. MARQUE UNA "X"  
EN EL CUADRADO DE SU ELECCION SOLAMENTE. Si hace marcas dentro, o en cualquier lugar alrededor, en más de un  
cuadrado, puede solicitar una nueva papeleta consultando las instrucciones adjuntas. Si envía una papeleta con marcas  
en el interior, o en cualquier lugar alrededor, en más de un cuadrado, su papeleta no será contada.  
Vea las Instrucciones Incluidas.

PIGA OU SIYEN OSWA EKRI NON OU OSWA METE OKENN MAK KI TA KA REVELE IDANTITE OU.  
MAKE YON "X" NAN KARE OU CHWAZI A SÈLMAN. Si ou mete mak anndan, oswa nan nenpòt kote ozalantou, plis pase  
yon kare, ou kapab mande yon bilten tounèf lè ou refere ou a enstriksyon ki anndan anvlop la. Si ou soumèt yon bilten  
avèk mak anndan li, oswa nenpòt kote ozalantou, plis pase yon mak, yo pap konte bilten ou an.

The National Labor Relations Board does not endorse any choice in this election. Any markings that you may see on any  
sample ballot have not been put there by the National Labor Relations Board.

La Junta Nacional de Relaciones del Trabajo no respalda a ninguna de las opciones en esta elección. Cualquier marca que  
se pueda ver en cualquier muestra de la papeleta no fue hecha por la Junta Nacional de Relaciones del Trabajo.

Konsèy Nasyonal Travay la pa andose okenn chwa nan eleksyon sa a. Kèlkeswa mak ou ta wè nan nenpòt echantiyon bilten,  
se pa Konsèy Nasyonal Relasyon travay la ki mete l.



Etazini Damerik  
Konsèy Nasyonal Relasyon Travay



**AVI ELEKSYON**

**ENSTRIKSYON POU ANPLWAYE KAP VOTE PA LAPÒS ETAZINI**

**DWA ANPLWAYE YO - LWA FEDERAL BA OU DWA POU:**

- Fòm, rantre, oswa ede yon sendika
- Chwazi reprezantan pou negosye ak patwon ou an favè ou
- Aji ansanm ak lòt anplwaye pou benefis ak pwoteksyon ou
- Chwazi pou pa angaje nan okenn aktivite pwoteje sa yo
- Nan yon Eta kote akò sa yo pèmèt, Sendika a ak Anplwayè a ka antre nan yon akò sendika-sekirite ki egzije anplwaye yo peye kotizasyon peryodik ak frè inisyasyon. Moun ki pa manb ki enfòmè Sendika a ke yo pa dakò pou yo itilize peman yo pou rezon non-prezantasyon ka oblije peye sèlman pati nan depans Sendika yo nan aktivite reprezantatif yo (tankou negosyasyon kolektif, administrasyon kontra, ak ajisteman doleyans).

Se responsablite Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la pou pwoteje anplwaye yo nan egzèsis dwa sa yo.

Konsèy la vle tout votè ki kalifye yo dwe enfòmè konplètman sou dwa yo dapre lalwa Federal epi li vle ni Anplwayè yo ni Sendika yo konnen ki sa ki atann de yo lè li ap òganize yon eleksyon.

Si ajan swa Sendika yo swa Anplwayè yo entèfere ak dwa w pou yon eleksyon lib, jis, ak onèt, Konsèy la kapab mete eleksyon sou kote. Lè sa apwopriye, Konsèy la bay lòt solisyon, tankou reyentegrasyon pou anplwaye ke yo te revoke akòz li tap egzèse dwa yo, ki gen ladan ranbousman ke pati ki responsab ranvwa a pral fè.

Sa ki annapre yo se egzanzp kondwit ki entèfere ak dwa anplwaye yo e sa ka lakòz ke yo anile eleksyon an:

- Yon Anplwayè oswa Sendika kap fè menas pèt travay oswa benefis
- Pwomèt oswa akòde pwomosyon, peye ogmantasyon, oswa lòt benefis, pou enfliyanse vòt yon anplwaye pa yon pati ki kapab kenbe pwomès sa yo.
- Yon Anplwayè ki rekoke anplwaye yo pou dekouraje oswa ankouraje aktivite sendika oswa yon Sendika ki fè yo revoke pou ankouraje aktivite sendika
- Fè diskou sou kanpay pou reyini gwoup anplwaye yo nan moman konpayi a epi egzije prezans yo obligatwa, nan peryòd 24 èdtan anvan yo voye bilten lapòs yo ale
- Ankouraje swa yon Anplwayè swa yon Sendika nan prejije rasyal oswa relijiye atravè apèl enflamatwa
- Yon Sendika oswa yon Anplwayè ki fè menas ak fòs fizik oswa vyolans sou anplwaye yo pou enfliyanse vòt yo

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la pwoteje dwa ou pou yon chwa lib.

Yo pap pèmèt yon move kondwit. Yo atann pou tout pati yo kolabore totalman ak Ajans sa a nan kenbe prensip debaz pou yon eleksyon ki jis jan lalwa egzije sa.

Nenpòt moun ki gen yon kesyon konsènan eleksyon an kapab kontakte Biwo NLRB a nan (202) 679-9360 oswa (813) 228-2661 oswa vizite sitwèb NLRB la [www.nlr.gov](http://www.nlr.gov) pou asistans.